

OPSYON SOU RECHÈCH TRAVAY

Li obligatwa pou reklaman kontakte **5 travay chak semèn oswa ale nan 1 randevou sèvis CareerSource**. Reklaman ki abite nan komin ki gen mwens pase 75,000 moun oblije kontakte **3 travay chak semèn oswa ale nan 1 randevou sèvis CareerSource**. **Bwat Vèt** yo endike yon kontak rechèch travay sou entènèt ak **bwat Ble** yo endike yon randevou an pèsòn.



Vizite andwa biznis yon anplwayè epi ranpli yon aplikasyon pou travay. .



Anrejistre epi itilize yon eksploratè karyè oswa mache travay tankou EmployFlorida.com



Aplike pou yon travay ki afiche atravè eksploratè mache travay eta Florid la EmployFlorida.com



Kreye yon aplikasyon pou travay epi soumèt aplikasyon w lan bay yon anplwayè. .



Itilize bank travay yo sou entènèt ak piblikasyon pwofesyonèl/komèsyal pou chèche travay.



Telefone anplwayè yo pou fè aranjman pou yon entèvyou travay. .



Patisipe nan yon klas redaksyon rezime nan objektif pou revize ak soumèt rezime w pou yon travay ki afiche.



Ale nan yon fwa travay.



Ale nan yon klas oswa atelye pou moun kap chèche travay. .



Vizite Sant CareerSource lokal ou a pou w ka jwenn enfòmasyon sou opòtinite travay ki disponib epi rankontre yon konseye karyè.



Pran tès pou konpetans ak enterè pou idantifye yon nouvo domèn okipasyonèl oswa yon nouvo endistri. .



Patisipe nan yon evènman rezotaj pou travay ki patwone nan domèn okipasyonèl oswa endistri w la.